

# SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

## LES MERVEILLES D'HAYTI: CHANTONS ET APPRENONS...

### OTÈ: MARLÈNE CHOULOUTE HYPOLITE FONDATÈ ECOLE HAÏTENNE SAMEDI LITTÉRAIRE

#### Yon liv literati pou jèn timoun epi yon eritaj kiltirèl

Les merveilles d'Hayti: Chantons et Apprenons, se yon liv ki sòti nan Edisyon Koukouy epi Koleksyon Koukouy. Se yon pwodiksyon Samedi Littéraire Haïtiano-Canadien nan Ottawa. Liv la genyen 23 paj. Tout paj li yo an koulè. Se Léa Hyppolite-Sanon, yon timoun ki genyen 10 zan ki ekri li. Se mwenmenm, Marlène Chouloute-Hyppolite, granmè Léa epi granpapa Léa, Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn) ki ekri entwodiksyon liv la.

#### Entwodiksyon Marlène Chouloute Hyppolite ak Michel-Ange Hyppolite

Nou genyen yon gwo satisfaksyon lè nou wè kijan pitit pitit nou an, Léa, te byen resevwa kilti epi tradisyon peyi Ayiti nou te transmèt li. Anfèt, depi li te tou piti, nou te toujou ap pale avèk li de Ayiti, peyi kote nou soti a, ak tout sa ki fè Ayiti yon peyi rich kiltirèlman epi istorikman. Nou pataje avèk Léa epi lòt pitit pitit nou yo chante kreyòl, istwa ewo nasyonal nou yo, epi fyète nou kòm Ayisyen.

Anplisde sa, Léa te gen chans patisipe chak samdi nan lekòl ayisyen Samedi Littéraire Haïtiano-Canadien, kote li te aprann kilti ayisyen an sou divès fòm: jwe tanbou, fè dans kiltirèl, jwe flit epi chante chanson folklorik Ayiti yo. Kidonk, Léa se yon timoun ki ap viv nan mitan yon fanmi ki transmèt li yon seri enfòmasyon kiltirèl epi li deside pataje yo ak zanmi li yo ki gen menm laj avèk li. Se rezon sa a ki fè li pran chans ekri liv sa a: *Les merveilles d'Haïti: Chantons et Apprenons*.

Liv la fèt apati yon seri kesyon li poze tèt li epi li reponn yo avèk lide pou li aprann zanmi li yo kilti pèp ayisyen an. Men divès pati ki anndan liv la:

Léa ekri yo an franse, men mwen ekri yo pou nou an kreyòl

Dekouvri Hayiti ak lang kreyòl la

Kesyon ak repons sou Hayiti epi gran paran mwen yo

Kèk bèl chante nasyonal tè Ayiti

Nan finisman liv la, mezon Edisyon an, Edisyon Koukouy, pwopozè kèk aktivite timoun yo kapab fè ansanm avèk yon patisyon mizikal pou chante ki rele Ti zwazo a.

*Les Merveilles d'Hayiti: Chantons et Apprenons...* se plis pase yon senp liv pou timoun; li se yon travay ki charye valè kiltirèl, eritaj zansèt nou yo, epi li ede ranfòse idantite nou kòm Ayisyen. Nan ka Léa, se yon jèn ki reprezante dezyèm jenerasyon pitit imigran ayisyen ki ap viv Kanada.

Mwen pral analize fason konesans nou te pase bay Léa vin tounen sous enspirasyon pou li nan liv li a, epi nan ki fason sa ede li konekte tradisyon avèk modènite. Travay Léa a montre kijan transmisyon kiltirèl entèjenerasyonèl la enpòtan pou yon kilti rete vivan tout pandan kilti sila a ap evolye avèk tan an.

#### 1. Transmisyon entèjenerasyonèl nan kilti ayisyen an

Nan sosyete Ayiti a, granparan yo toujou jwe yon wòl kle nan transmèt kilti, valè epi konesans bay pitit pitit yo. Se sou sa menm transmisyon kiltirèl chita nan milye ayisyen an. Se granmoun yo ki transmèt leson, ki enpòtan yo bay pitit yo, menm jan yo te aprann leson sa yo nan men pwòp paran pa yo. Noumenm, kòm granparan Léa, nou te bay sa anpil enpòtan. Nou te toujou rakonte li istwa Ayiti, istwa ewo nou yo tankou Jean-Jacques Dessalines, epi fason peyi nou an te fè yon vrè revolusyon avèk Jean-Jacques Dessalines ala- tèt pou nou vin premye nasyon nwa ki lib nan lemond. Pawòl sa yo toujou sonnen fò nan zòrèy pwòp pitit pa nou yo ansanm ak pitit pitit nou yo, espesyalman nan moman nou ap bwè soup premye janvyè a.

Nou pa te sèlman rakonte sa ki pase nan listwa; nou te mete aksan sou valè moral ki te ap soti nan istwa sa yo. Nou te pale de kouraj, detèminasyon ak inite, epi kijan ewo tankou Toussaint Louverture ak Dessalines te mennen libète sou tè Ayiti. Lè nou te ap rakonte istwa sa yo, Léa te toujou ap suiv nou avèk anpil atansyon. Nou te pran responsablite sa a, paske nou te vle pitit-pitit nou yo konprann, kilti se yon fòs ki toujou an aksyon. Kilti se konesans ki ap vwayaje soti nan yon jenerasyon pou li rantre nan yon lòt jenerasyon.

Nan *Les merveilles d'Hayti Chantons et Apprenons...* Léa pran valè sa yo, konesans sa yo, epi li mete yo nan liv li a pou li pataje yo ak timoun nan jenerasyon pa li a. Li sèvi ak ekspresyon kreyòl, chante tradisyonèl, epi mezon Edisyon an ajoute aktivite tankou koloryaj ak chante pou fè timoun yo santi kilti sa a pi pre yo. Se yon fason pou tout sa nou te aprann nan tan lontan yo rete vivan. Nou ka di, sa se fondasyon transmisyon entèjenerasyonèl la: lè granparan ap pase konesans ak valè kiltirèl bay timoun yo, ki ajè kòm yon pon pou yo mennen kilti sila a pi lwen toujou.

#### 2. Wòl Léa kòm moun ki ap transmèt kilti

Nan wòl nou kòm granparan, nou se moun ki bay premye baz la, men Léa pran sa li aprann nan men nou epi li devlope li pou li rann li aksesib epi enteresan pou timoun yo ki nan jenerasyon pa li a. Sa montre kijan chak jenerasyon kapab adapte sa yo aprann epi ajiste li pou li byen chita nan modènite a.

Relasyon Léa avèk nou, ki se granparan li, vin sèvi kòm yon pon ant jenerasyon pa li a epi Ayisyen ki ap viv

andan Ayiti jounen jodi a. Relasyon sa a enpòtan anpil, paske san pwosesis sa a, gen anpil aspè nan kilti ayisyen an ki riske disparèt. Liv sa a montre kijan li enpòtan pou transmisyon kilti a pa rete nan yon modèl fèmen, men li dwe evolye pou li jwenn plas nan mitan timoun ki ap grandi jounen jodi a.

#### 3. Yon zèv edikatif entèraktif

Lè nou te kòmanse rakonte istwa epi chante chanson ayisyen yo pou Léa, ansanm avèk lòt pitit pitit nou yo, nou te sèvi ak mwayen tradisyonèl yo, sitou pawòl ak chante oral. Men, liv Léa a ajoute yon lòt dimansyon nan transmisyon kiltirèl la. Li rann li entèraktif. Sa vle di, timoun yo pa sèlman ap li liv la, men yo patisipe aktivman nan aprantisaj la.

Mizik gen yon wòl esansyèl nan liv Léa a. Chante tankou "Ti Zwazo" ak "La Dessalinienne" pa sèlman fè pati bèl mizik; yo se yon pòsyon nan eritaj kiltirèl la. Lè timoun yo chante kalite chante sa yo, yo aprann sou listwa Ayiti pandan y ap rantre nan yon eksperyans emosyonèl. Mizik sa yo pèmèt timoun yo santi lyen ki genyen ak kilti a pandan yo ap chante.

#### 4. Mizik epi rakonte / Récit an franse : de zouti esasnyèl nan transmisyon yon kilti

Depi tan lontan, mizik ak rakonte istwa te toujou mwayen ki pi fò pou transmèt kilti ak valè nan sosyete ayisyen nan. Chante ak rakonte se yon pati nan eritaj nou ki tèlman fò, menm jounen jodi a, li toujou sèvi kòm mwayen pou li fè timoun yo konprann sa ki esansyèl nan kilti a.

Nan liv Léa a, mizik gen yon plas enpòtan. Pa egzanp, lè timoun yo aprann chante "Panama m tonbe" oswa "Choucoune", yo ap antre pi fon nan kilti a. Mizik sa yo pote avèk yo istwa kolektif pèp ayisyen an. Nan liv la, chante sa yo fè yon tranzisyon kote yo vin yon mwayen pou timoun yo konekte ak rasin yo. Lè yo chante yo, yo pa sèlman ap fè yon aktivite amizan; yo ap retabli yon memwa kiltirèl ki enpòtan anpil.

#### 5. Fyète ak idantite kiltirèl : se 2 eleman ki pèmèt moun evolye avèk anpil konfyans nan tèt yo

Pi gwo fyète liv Léa ban nou se fason li ensiste sou idantite kiltirèl noumenm granparan li yo transmèt li. Jodi a, gen anpil timoun ki grandi nan yon anviwonman, kote fanmi yo pa transmèt yo kilti zansèt yo. Men, liv Léa a se yon materyèl edikatif ki ap pèmèt tout timoun konekte ak rasin kiltirèl yo.

Timoun ki ap li liv sa a ap aprann istwa peyi yo oswa peyi zansèt yo depandan nan ki peyi yo ye pandan yo ap li liv la. Men plis toujou, yo ap devlope fyète pou sa yo ye. Konesans kiltirèl yo fè timoun yo solid epi li ba yo plis konfyans nan tèt yo, paske yo konprann yo soti nan yon peyi ki gen yon istwa ki rich epi ki kontribye nan revèy istorik lòt peyi sou latè.

#### 6. Yon liv ki fè pati literati pou jèn timoun nan tan modèn lan epi ki ap dire lontan

Liv ki rele *Les merveilles d'Hayti: Chantons et Apprenons...* pa sèlman yon liv pou jodi a; se yon zouti ki pral rete nan literati timoun pandan lontan. Gen anpil rezon ki fè sa. Premyèman, li se yon liv ki konbine tradisyon avèk modènite. Dezyèmman, li sèvi ak mizik epi istwa tradisyonèl peyi Ayiti.

Liv sa a chita nan literati modèn kote li bay timoun yo chans pou yo aprann pandan yo ap patisipe dirèkteman nan pwosesis aprantisaj la. Se yon zèv ki la pou li dire paske tout enfòmasyon ki anndan li yo endike yon pèmanans. Li la pou li dire lontan, paske chak jenerasyon ka itilize li kòm yon zouti pou li kenbe eritaj kiltirèl ayisyen an vivan pandan yomenm ki nan jenerasyon pa yo a ap evolye avèk tan an. Nou sèten liv sa a ap toujou gen valè pou jenerasyon ki ap vini yo.

#### Konklizyon: Yon eritaj k ap grandi jenerasyon apre jenerasyon

Nou menm, kòm granparan, se ak anpil fyète nou obsève kijan Léa sèvi ak sa nou te transmèt ba li pou li kreye yon zouti kiltirèl epi edikatif ki fèt pou touche kè nouvo jenerasyon yo. *Les merveilles d'Haïti: Chantons et Apprenons...* se plis pase yon senp liv timoun. Se yon platfòm, kote tradisyon rankontre ak modènite, e li vin tounen yon pon entèjenerasyonèl ki pèmèt valè ak kilti ayisyen yo kontinye viv nan kè ak lespri timoun yo.

Nan yon monn kote kilti minorite yo souvan menase, travay Léa a se yon pa enpòtan nan direksyon prezèvasyon ak revandikasyon idantite ayisyen an. Liv sa a mete nan men timoun yo yon materyèl pou yo kòmanse aprann epi pataje eritaj ayisyen an avèk lòt moun, fè kilti ayisyen kontinye enfluyans epi enspire jèn moun toupatou kote yo ap viv.

Nou rete kwè, *Les Merveilles d'Hayiti: Chantons et Apprenons...* pral kontinye sèvi kòm yon resous pou anpil jenerasyon. Se yon eritaj ki fèt pou dire, paske li pa sèlman reprezante yon pati enpòtan nan kilti Ayiti, men tou li pote yon mesaj inivèsèl sou enpòtan eritaj kiltirèl ak transmisyon vale kiltirèl yo. Travay Léa a ap rete yon souvenans vivan pou jenerasyon ki ap vini yo, e li pral kontinye enspire timoun pou yo grandi ak lanmou epi fyète pou kilti yo pandan anpil, anpil ane.

## 18 novanm 2024 : 221yèm anivèsè Batay Vètyè Otè : Henri-Robert Durandisse

Nan dat 18 novanm 2024, Ayiti ak pèp ayisyen toupatou sou latè make 221<sup>yèm</sup> anivèsè Batay Vètyè. Yon jou sakre ki chanje direksyon nasyon an epi ki kontinye enspire lemond antye. Jou 18 novanm 1803 a, twoup endijèn ayisyen yo, sou direksyon Jean-Jacques Dessalines, ansanm ak lòt jeneral brav, tankou Capois-La-Mort, fè fas ak fòs kolon franse anba lòd jeneral Rochambeau. Viktwa sa a louvri pòt pou Ayiti deklare endepandans li 1<sup>ye</sup> janvyè 1804, epi li tounen premye Repiblik, kote desandan Afriken yo kase chenn esklavaj epi li vin premye peyi ki elimine sistèm rasis sa a sou latè. Eritaj sa a fè tout Ayisyen fyè epi li dwe enspire jenerasyon ki ap vini yo.

Batay Vètyè depase aksyon militè. Li senbolize kouraj, detèminasyon, ak fòs yon pèp ini pou libere tèt li anba opresyon. Viktwa sa a montre jan yon moun ki gen vizyon ak angajman ka elimine sistèm ki pi brital yo. Li se yon rapèl dyanm pou tout pèp ki ap lite pou diyite ak libète imen.

Evènman istorik sa a depase fwontyè Ayiti. Viktwa Vètyè a kontinye sèvi kòm yon modèl pou pèp ki ap goumen kont opresyon. Li montre avèk kouraj epi lidèship moun kivizyonè, menm pi gwo sistèm yo ka tonbe.

Vètyè pa limite nan listwa Ayiti. Li raple libète ak jistis se dwa fondamantal, tout moun dwe defann. Viktwa sa a pa sèlman rann Ayiti fyè, men li enspire lit pou jistis toupatou nan monn lan.

Vètyè se yon eritaj ki ba nou yon responsabilite pou nou gade vivan memwa sa a, epi nou dwe travay pou nou defann ideyal libète ak egalite pou tout moun. Viktwa sa a montre chanjman pozitif posib si gen solidarite ak detèminasyon. Sonje Batay Vètyè, se yon apèl pou nou kontinye goumen pou jistis ak diyite, pou Ayiti ansanm ak pou limanite.

Sonje Batay Vètyè pandan anivèsè li depase yon senp komemorasyon. Li se yon rekonesans, yon transmisyon, epi yon angajman kolektif. Li enpòtan pou nou kenbe esans viktw sa a a vivan nan memwa jenerasyon jodi a ak sila yo ki nan wout ap vini yo.

Sonje Batay Vètyè vle di retire chapo nou epi koube nou byen ba devan ewo ak ewoyin ki te bay lavi yo pou libere Ayiti. Viktwa istorik sa a demontre libète Ayiti pa janm yon kado, men yon reyalizasyon ki te toujou mande detèminasyon ak fòs esprityèl pou nou kraze chenn opresyon. Konsa nou pa dwe janm dekouraje.

Evènman sa a se yon nan sous fyète nasyonal nou epi li konekte pèp ayisyen ak yon moman, kote Ayiti te tounen yon senbòl mondyal libète ak espwa. Bliye se yonn nan pi gwo danje pou tout moun. Lè nou sonje Batay Vètyè, nou pwoteje listwa e nou asire moman sa a rete vivan epi kontinye enspire tout jenerasyon.

Sonje Batay Vètyè se tabli yon pon ant glwa pase nou, defi jodi a, ak rèv pou lavni. Sa mande pou chak Ayisyen konsekan reflechi sou responsablite yo epi onore eritaj istorik sa a nan lavi yo.

Sonje Batay Vètyè, se selebre ewo nou yo, ranfòse idantite nou, epi travay ansanm pou nou garanti, valè ak ideyal viktw sa a kontinye klere sou chemen Ayiti. Se yon angajman ki mande aksyon pou Ayiti avanse ak diyite.

#### Vètyè, souf kouraj Libète

Tè a tranble, tanbou bat, vanyan leve,

San zansèt koule, tè libète wouze.

Dessalines kriye: "Nou fèt pou nou viv lib!"

Chenn kraze, opresyon lesklavaj kase.

Capois-La-Mort mache dwat, li pa janm rete,

Kout bal sonnen fò, li di: "Men wout pou n pase!"

Diyite fleri nan chak kout tanbou Lafrik,

Rasin vanyan rete fèm, yo pap janm pouri.

Vètyè, flanm lespwa ki limen san fen,

Nou kontinye kenbe tèt nan batay diyite.

Sou tout wout lavi nou, fòs ou fè n santi,

Ou rete nan kè nou, sous pouvwa libète.

**Sonje Batay Vètyè se pa sèlman onore yon viktw; se selebre ewo nou yo, ranfòse idantite nou, epi travay ansanm pou nou asire nou, valè epi ideyal viktw sa a kontinye klere chemen nasyon an.** Se yon angajman ki mande aksyon pou Ayiti kenbe diyite li epi avanse ak fyète.

Mapou's Back... Visit Today

THE JEWEL OF LITTLE HAITI IS OPEN FOR BUSINESS

MONDAY, WEDNESDAY & FRIDAY 9AM-6PM

5919 NE 2ND AVE, MIAMI, FL 33137 305.757.9022